

WE ARE YOUR DOL



**Department
of Labor**



FON POU TRAVAYÈ YO METE DEYÒ (EXCLUDED WORKERS FUND)

Mizajou Septanm 2021

Excluded Workers Fund (EWF) bay èd finansye a moun k ap viv Nouyòk ki pèdi revni yo pandan pandemi COVID-19 la e ki pa t benefisyè de divès pwogram sekou federal, ki gen ladan yo alokasyon chomaj ak pandemi yo.

KIJAN POU MWEN APLIKE?

Pwosis aplikasyon pou travayè k ap chèche resevwa finansman nan EWF yo ap kòmanse an dawout 2021. Pou w aplike lè aplikasyon an disponib, vizite ewf.labor.ny.gov.

Ou kapab itilize yon telefòn oubyen yon òdinatè pou w soumèt aplikasyon w lan, aplikasyon an ap disponib nan 13 lang diferan. Nou vrèman ankouraje aplikan yo aplike sou entènèt. Nou p ap aksepte okenn aplikasyon pa lapòs.

Si ou bezwen èd pou ou aplike, Leta Nouyòk ap fè patenarya avèk plizyè òganizasyon de konfyans nan kominote a ki pou ba ou èd ou bezwen an. Vizite dol.ny.gov/CBOlist pou w jwenn yon lis òganizasyon de konfyans oswa rele **877-EWF-4NYS (877-393-4697)** yon fwa pwogram lan disponib pou ou kapab pale avèk yon ajan e jwenn yon kote ki tou prè w.

800-662-1220 TTY/TTD – English
877-662-4886 TTY/TTD – Español

ÈSKE MWEN KALIFYE?

Pou aplikan yo kalifye pou yo resevwa sèvis nan pwogram EWF, aplikan yo dwe montre:

1. Yo t ap viv nan Eta Nouyòk avan 27 Mas 2020, e ou kontinye ap viv nan Eta Nouyòk;
2. Yo pa kalifye epi yo pa t resevwa sèvis asirans chomaj oswa nenpòt lòt soutyen salaryal COVID-19 oswa lòt avantaj espesifik nan men leta oswa gouvènman federal la;
3. Fè mwens pase \$26.208 nan 12 mwa avan mwa Avril 2021 an; epi
4. Pèdi omwen 50% nan salè travay yo oswa revni famiyal yo pandan nenpòt okazyon ant 23 Fevriye 2020 e 1ye Avril 2021 akòz yo te pasyèlman oubyen totalman p ap travay, oubyen yo pa t kapab oswa yo pa t disponib pou yo travay akòz pandemi COVID-19 la, oswa yo vin responsab majorite nan revni fanmi an akòz moun ki te tèt fanmi an mouri oswa li andikape.

Nòt:

- Resevwa finansman federal ou relansman - pèman soutyen (relief payments) ke gouvènman voye nan yon montan 600\$, 1200\$, 1400\$ - PA fè okenn enpak sou kalifikasyon w pou Excluded Workers Funds.
- Si aplikan an pa konnen dat li te pèdi revni li a, li kapab bay yon dat apwoksimatif li te pèdi revni yo akòz pandemi an. Aplikan ki te pèdi revni yo apwoksimatiman ant 23 Fevriye 2020 e 27 Mas 2020 kapab chwazi di 27 Mas 2020 nan aplikasyon an.

KISA MWEN BEZWEN POU M APLIKE?

Aplikan yo ta dwe kòmanse rasanble dokiman ki site anba yo, yo kapab itilize pou pwouve idantite, kote aplikan rete, e kalifikasyon ki lye avèk travay.

Tanpri Sonje: Aplikan yo kapab soumèt menm dokiman pou ki pwouve idantite l ak kote li abite. Omwen youn nan dokiman yo pou pwouve idantite ak/oswa kote li abite dwe genyen foto aplikan an ak youn dwe genyen dat li fèt. Tout dokiman li soumèt yo dwe:

- Sètifye pa ajans ki bay li a
- Pa ekspire (amwens ke yo ta note yon lòt bagay anba)
- An Anglè, oswa vini avèk yon tradiksyon lang Anglè kalifye
- Pa defòmè oswa andomaje

KIJAN POU MWEN PWOUVE IDANTITE M?

Aplikan yo dwe bay youn oswa plis nan dokiman sa yo. Gen yon valè pwen ki atribiye a chak dokiman e chak aplikan dwe dispoze 4 pwen oswa plis. Aplikan dwe reponn ak tout egzijans anlè yo pou apwobasyon.

- Pèmi Kondui NYS (4 pwen)
- Kat Idantite NYS ki pa Pèmi Kondui (4 pwen)
- Paspò Ameriken (4 pwen)
- Kat Idantite NYS (4 pwen) - (Kat ki ekspire an 2020 yo valid jiska fen 2021. Kat ki ekspire an 2021 yo valid pandan peryòd renouvèlman yon lane suivi dat ekspirasyon an.)
- Paspò Etranje (3 pwen)

- Pèmi Aprann NYS ke DMV NYS bay (3 pwen)
- Kat Idantite Militè Ameriken (3 pwen)
- Kat Idantite ki gen foto sou li gouvènman lokal nan NYS bay, Ajans gouvènman NYS oswa gouvènman federal (3 pwen)
- Kat Idantite ki gen foto sou li ki soti nan yon Enstitisyon Edikatif Elve nan NYS (3 pwen)
- Kat Idantite Lopital Eta Nouyòk Biwo Sante Mantal bay (2 pwen)
- Paspò Ameriken oswa Paspò Etranje ki ekspire (ki gen mwens pase dezan depi l ekspire) (2 pwen)
- Pèmi Kondui Etranje ki ekspire (ki gen mwens pase dezan depi l ekspire) (2 pwen)
- Dokiman Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Ameriken bay (USCIS): Dosye Depa/Arive (I-94) oswa Avi Aksyon (I-797; I-797A; I-797D) (2 pwen)
- Nimewo Idantifikasyon Enpo Ameriken (ITIN) Lèt Plasman (2 pwen)
- Ak sivil (1 pwen)
- Jijman Divòs (1 pwen)
- Kat Manm pou Plas Piblik ak Lwazi ki nan Vil Nouyòk (1 pwen)
- Batistè yon Peyi Etranje Bay (1 pwen)
- Kat Idantite Etranje Ki Gen Foto Sou li (1 pwen)
- Diplòm oswa relve nòt ki soti nan yon lekòl segondè, yon ti oswa yon gran inivèsite (1 pwen)
- Kat Idantite ki pa gen foto sou li gouvènman lokal nan NYS bay, Ajans gouvènman NYS oswa gouvènman federal (1 pwen)
- Kat Idantite Ki gen foto Patwon an sou li (1 pwen)
- Kat idantite ki gen foto sou li yon òganizasyon charitab ki anrejistre bay avèk biwo charite nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk ki konsène kalifikasyon pou sèvis oswa patisipasyon nan pwogram òganizasyon Charitab la bay nan sityasyon òdinè e pou ki kalifikasyon an te etabli avan dat 19 Avril 2021 (1 pwen)
- Yon òf anplwa alekri, souch pèman, oswa avi pèman yon patwon travay bay (1 pwen)
- Yon pèmi kondui Eta Nouyòk, (Ou ta dwe genyen dokiman sa a plis pase 30 jou avan 19 Avril 2021)
- Yon Kat Idantite ki pa Pèmi Kondui Eta Nouyòk, (Ou ta dwe genyen dokiman sa a plis pase 30 jou avan 19 Avril 2021 ki di men ki kote ou rete aktyèlman)
- Kat Idantite Vil Nouyòk, (Ou ta dwe genyen dokiman sa a plis pase 30 jou avan 19 Avril 2021 ki di men ki kote ou rete aktyèlman) Kat ki ekspire an 2020 yo valid jiska fen 2021. Kat ki ekspire an 2021 yo valid pandan peryòd renouvèlman yon lane suivi dat ekspirasyon an.)
- Pèmi aprann Leta Nouyòk ki soti nan DMV Eta Nouyòk (Ou ta dwe genyen dokiman sa a plis pase 30 jou avan 19 Avril 2021 ki di men ki kote ou rete aktyèlman)
- Deklarasyon enpo leta oswa federal, avèk yon prèv depo, yon konfimasyon depo elektwonik ki soti nan DTF oswa IRS (Ou ta dwe genyen dokiman sa a plis pase 30 jou avan 19 Avril 2021 ki di men ki kote ou rete aktyèlman)
- Bil (Fakti) Sèvis Piblik (tankou, elektrisite, gaz, entènèt, kab tel, dlo, fatra/resiklaj)
- Atestasyon bankè oswa kat de kredi
- Lèt Administrasyon Lojman NYC adrese ak aplikan an
- Lèt yon refij pou sanabri adrese ak aplikan an ki endike ke aplikan an ap viv aktyèlman nan refij la
- Kontra Lokasyon Resan, Pèman Ipotèk, oswa Deklarasyon Enpo yon Pwopriyete
- Lèt yon òganizasyon ki pa la pou fè lajan bay aplikan an, oswa yon enstitisyon relijye ki bay sèvis ak moun ki sanabri
- Souch pèman
- Òf anplwa oswa avi pèman ki montre yon patwon bay aplikan lojman nan lokalite NYS, ak lojman tanporè
- Atestasyon, bil, oswa dosye ki soti nan yon enstitisyon medikal oswa yon konpanyi asirans
- Konvokasyon jiridik, òdonans tribinal, oswa lòt dokiman ki soti nan tribinal nan NYS
- Lèt de yon pwogram swen rezidansyèl pou moun ki sibi vyolans domestik (DV) oswa yon òganizasyon k ap desèvi sivivan DV yo
- Lèt de yon òganizasyon charitab ki anrejistre nan Biwo Pwokirè Jeneral NYS ki bay aplikan sèvis nan sityasyon òdinè e pou li kalifikasyon an te etabli avan 19 Avril 2021, ki ateste aplikan an ap viv nan Eta Nouyòk
- Dokiman yon gouvènman lokal nan NYS, Ajans gouvènman NYS oswa gouvènman federal bay

KIJAN POU MWEN PWOUE KOTE M ABITE?

Aplikan yo dwe bay youn oswa plis nan dokiman sa yo, chak dokiman dwe gen non yo ak adrès yo nan Eta Nouyòk. Dokiman an (yo) dwe bay prèv kote aplikan te rete avan 27 Mas 2020 ansanm avèk kote l ap viv kounye a. Aplikan an kapab bezwen soumèt plizyè dokiman pou l reponn ak egzijans sa a. Ekspete senk premye dokiman ki site anlè yo, dokiman ki bay prèv kote aplikan ap viv aktyèlman yo dwe date pa pi ta 30 jou avan 19 Avril 2021. Aplikan yo dwe reponn ak tout egzijans anlè yo.

KIJAN POU MWEN PWOUE KALIFIKASYON KI LYE AK TRAVAY MWEN?

Aplikasyon yo kapab kalifye pou avantaj EWF yo nan youn oubyen de kantite yo, depandaman de enfòmasyon ak dokiman yo bay anba a. Chak dokiman gen yon valè pwen.

Pou aplikasyon yo kalifye pou montan \$15.600 (mwens taks) Nivo 1 an, aplikasyon yo bezwen yon minimòm 5 pwen.

Pou aplikasyon yo kalifye pou montan \$3.200 (mwens taks) Nivo 2 a, aplikasyon yo bezwen yon minimòm 3 pwen.

Aplikasyon ki pa bay youn nan dokiman ki egal a 5 pwen ki anba yo, yo dwe soumèt omwen youn nan dokiman ki egal a 3 pwen yo pou yo kapab kalifye pou Nivo 1. Pa egzanp, senk dokiman 1 pwen kapab konbine pou Nivo 1.

NÒT: Chak Aplikasyon kalifye sèlman pou yon benefis.

- Prèk deklasyon enpo **Eta Nouyòk** ki dwe gen ladan l (A) prèk li fè yon deklasyon enpo nan Eta Nouyòk pou ane fiskal 2018, 2019, oswa 2020 nan Ministè Enpo ak Finans nan soumèt yon konfimasyon elektwonik, Ministè Enpo ak Finans bay "Lèt kòm atestasyon", oswa yon atestasyon bankè ki pale de pèman ki ale nan oswa ki soti nan Ministè Enpo ak Finans; **AK (B)** prèk nimewo idantifikasyon valid pèman enpo yon moun (ITIN) **OUBYEN** yon aplikasyon W-7 pou yon ITIN avèk prèk soumisyon oswa deklasyon enpo (5 pwen)

Nòt: Aplikasyon ki te fè yon deklasyon enpo pandan ane fiskal 2018, 2019 la oswa 2020 an men ki pa gen ITIN yo kapab itilize nimewo sekirite sosyal yo pou yo verifye enfòmasyon sa yo.

- Minimòm 6 semèn bilten pèman nan peryòd 6 mwa avan dat aplikasyon an sètifye li kalifye pou benefis yo (5 pwen)
- Minimòm 6 semèn deklasyon salè nan peryòd 6 mwa avan dat aplikasyon sètifye li kalifye pou benefis yo (5 pwen)
- IRS W-2 oswa 1099 ane enpo 2019 oswa 2020 ki montre salè oswa revni (5 pwen)
- Relve salè de yon patwon travay ki dekri anplwa pou yon peryòd tan 6 mwa avan dat aplikasyon sètifye li kalifye pou benefis yo (5 pwen)
- Lèt yon patwon travay bay ki dekri dat travay aplikasyon e rezon ki fè li pèdi revni l (sa vle di, rezon ki lye ak pandemi an) ki genyen: (A) Adrès postal Patwon an ak adrès sit kote aplikasyon an t ap travay nan NYS **AK (B)** swa nimewo kont asirans chomaj NYS patwon an **OSWA** Nimewo Idantifikasyon Anplwa Federal (FEIN) **OSWA** enfòmasyon kontak (ki gen nimewo telefòn) yon reprezantan patwon an ki kapab verifye kontni lèt la (5 pwen)
- Plent ki depoze e yon ajans lokal, leta, oswa federal oswa yon tribinal rekonèt konsènan salè yo dwe aplikasyon pou travay li te

fè nan NYS pou yon peryòd ki depase 6 semèn peryòd 6 mwa avan dat aplikasyon sètifye li kalifye pou l jwenn benefis yo (3 pwen)

- Dosye depo regilye dirèk, depo, oswa transfè yon patwon travay fè (3 pwen)
- Kat Idantite yon Patwon bay (1 pwen)
- Kominikasyon ekri ki gen rapò ak fèy livrezon òdonans, fakti travay, resi de vant, oswa enstriksyon ki soti nan men yon patwon (1 pwen)
- Kominikasyon ekri, ki gen ladan l mesaj tèks oswa mesaj sou rezon sosyal yo oswa piblikasyon, ant aplikasyon e patwon an oswa yon antite k ap rekrute moun ki montre gen yon relasyon travay (1 pwen)
- Dosye ankèsman regilye chèk de pèman oswa transfè fon revni oswa salè (1 pwen)
- Dokiman patwon aplikasyon bay aplikasyon an ki genyen adrès postal, Nimewo Kont Asirans Chomaj oswa Nimewo Idantifikasyon Chomaj Federal (FEIN) patwon an, ak enfòmasyon kontak yon reprezantan patwon an (ki genyen ladan l nimewo telefòn) (1 pwen)
- Resi oswa dosye ki montre angajman konsekitif ale e soti nan etablisman travay, tankou dosye pèman, resi paking, oswa dosye transpò piblik (1 pwen)
- Lèt ki soti nan yon òganizasyon charitab anrejistre nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk ki konfime pakou travay aplikasyon an, epi ki rekonèt vreman aplikasyon sa te travay pandan tèt dire, li te pase pwosesis admisyon an, entèvyou, oswa lòt pwosesis estanda ki gen rapò ak bay aplikasyon sèvis dirèk ki gen rapò avèk travay anvan 19 Avril 2021 (1 pwen)

NÒT: Aplikasyon yo dwe montre yo t ap travay e yo te konn resevwa salè pou omwen 15 èdtan pa semèn pou yon peryòd plis pase 6 semèn nan peryòd 6 mwa avan dat yo sètifye yo kalifye pou benefis yo. Aplikasyon yo tou dwe genyen omwen laj 18 lane pandan moman aplikasyon an.

Pou aplikasyon k ap aplike akòz lanmò oswa andikap moun ki te tèt fanmi an, enfòmasyon ak dokiman yo bay kòm prèk pou kalifikasyon travay dwe demontre pakou travay moun ki te tèt fanmi an. Sepandan, dokiman idantite ak kote li rete dwe toujou enfòmasyon aplikasyon an. Anplis de sa, Aplikasyon dwe bay:

- Ak desè moun ki te tèt fanmi an avan, ak dat li te mouri; oswa
- Prèk moun ki te responsab fanmi an andikape, ak dat e nati andikap la. Pou yon lis konplè konsènan dokiman ki akseptab, konsilte pati 704.2 Seksyon (e) règleman yo, sou dol.ny.gov/ewfregs.

“soutyen-fanmi” defini kòm etan yon manb nan fanmi w ki te kontribiyè omwen 50% soutyen finansye nan fanmi ou e ki te genyen omwen laj 18 lane pandan li mouri oswa vin andikapè.

ÈSKE MATERYÈL APLIKASYON M YO PWOTEJE?

Dokiman aplikan soumèt bay DOL nan kad aplikasyon EWF yo, ansanm avèk sa ki soti nan men patwon yo, se pa dosye piblik yo ye epi yo pral sèvi ak yo nan sèl objektif administrasyon benefis EWF. Lalwa entèdi fòmèlman divilgasyon jan de dokiman sa yo bay nenpòt lòt ajans, ak Immigration Customs Enforcement (ICE) Etazini pou nenpòt lòt objektif ki pa konsène pwosesis aplikasyon an, amwens ke reklamasyon a ta otorize sa oswa legalman mande pou yo fè sa konfòmman a yon òdonans jiridik legal oswa yon manda jiridik.

KISA MWEN KA ESPERE APRE MWEN FIN SOUMÈT APLIKASYON MWEN AN?

DOL pral kòmanse trete aplikasyon w lan. Si genyen enfòmasyon anplis oubyen koreksyon ki nesèsè, DOL ap voye yon mesaj tèks oubyen yon imèl ba ou (selon metòd komunikasyon ou prefere a) k ap genyen yon lyen k ap mande w pou ou konekte sou kont ou a pou detay yo. Yon fwa ou fin konekte, swiv enstriksyon yo pou ou wè ki dokiman yo bezwen ou korije oswa soumèt e poukisa. W ap genyen 7 jou ouvrab apati de dat ak lè ou resevwa imèl oswa tèks la pou ou reponn. Si nou pa resevwa yon repons nan espas tan nou ba ou a, n ap pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon ki disponib yo.

Aplikan yo ta dwe veyatif pou yo reprann aplikasyon yo a, oswa veyatif pou reponn ak demand, nan itilize enfòmasyon idantifikasyon yo te itilize lè yo te fenk ap kreye aplikasyon yo a. Aplikan yo dwe konfime ke yo genyen yon sèl nimewo idantifikasyon pou Reklamasyon. Li rekòmande ke yo ekri enfòmasyon idantifikasyon ak nimewo idantifikasyon reklamasyon yo yon kote pou pwochen referans. Kreye de aplikasyon kapab pran plis tan pou yo trete e refize otomatikman.

Aplikan yo ta dwe aktif nan kontwòl kont yo, mesaj tèks ak imèl yo pou nenpòt mizajou oswa demann enfòmasyon anplis. Aplikan yo ap resevwa mesaj tèks yo de **(833) 586-1144** (gratis). Imèl yo ap vini de **EWF@labor.ny.gov**. Aplikan yo kapab resevwa yon apèl telefònik yon reprezantan EWF si yo bezwen plis enfòmasyon. Nan ka sa a, n ap rele w sèlman apati de **(877) 393-4697**.

Yon fwa nou fin pran yon desizyon, DOL ap voye yon mesaj tèks oubyen yon imèl pou fè w konnen si aplikasyon w lan apwouve oswa refize.

KIJAN E KILÈ M AP RESEVWA PÈMAN YO?

Aplikan yo apwouve yo ap resevwa yon Kat Visa® Prepeye pa lapòs nan adrès yo te bay nan aplikasyon yo a. Kat la gen aksè ATM e yo kapab itilize l tout kote yo aksepte kat debi Visa nan Etazini.

Depi nan dat aplikasyon an, administratè finans yo estime revizyon ak tretman dokiman yo ap pran anviwon sis a uit semèn. Si yon aplikasyon enkonplè e egzije plis enfòmasyon oswa dokiman, li kapab pran plis tan pou yo trete aplikasyon an. Kòm EWF se yon

nouvo pwogram e kantite aplikasyon yo difisil pou yo estime espas tan yo kapab chanje.

Se MetaBank®, N.A., Member FDIC, ki bay kat Visa prepeye a konfòmman ak yon lwa (lisans) Visa U.S.A. Inc. Pa gen pèman renouvlab. Kat la valid jiska 12 mwa, fon yo p ap ekspire e yo disponib jis aprè dat eskpirasyon kat la, gen frè ki kapab aplike. Tèm ak kondisyon kat aplikab.

ÈSKE MWEN KAPAB FÈ APÈL DESIZYON YO PRAN POU MWEN AN?

Aplikan yo refize yo oswa ki pa dakò avèk desizyon yo pran an fonksyon de kalifikasyon yo gen dwa fè apèl. W ap resevwa yon mesaj tèks oswa yon imèl lè nou pran yon detèminasyon. Pou ou fè apèl, konekte sou kont ou a imedyatman epi swiv enstriksyon yo. Aplikan gen 72 èdtan pou yo klike sou bouton “Appeal” pou yo fè yon apèl avan nou pran yon detèminasyon final. Yon fwa ou fin fè apèl, nou pral fè yon revizyon apwofondi aplikasyon w lan. W ap resevwa yon notifikasyon k ap mande ou pou w bay plis enfòmasyon oswa dokiman nan 7 jou ouvrab apati dat notifikasyon an. Si nou pa resevwa yon repons nan espas tan nou ba ou a, n ap pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon ki disponib yo. Yon fwa revizyon an fini, n ap voye yon mesaj tèks oubyen yon imèl pou fè w konnen si apèl ou a apwouve oswa refize. Apèl yo ka pran jiska twa semèn pou yo trete. Li kapab pran plis si genyen enfòmasyon anplis nou bezwen.

KONBYEN TAN PWOGRAM LAN AP DIRE?

Yon fwa aplikasyon yo disponib nan mwa dawout la, nou ankouraje aplikan yo aplike pi vit posib. Fon pou pwogram lan limite e n ap distribye yo selon règleman, moun ki rive anvan. N ap trete aplikasyon yo an lòd jan nou resevwa yo a. Yon fwa fon ki soti nan \$2.1 milya sa a fin bay, finans yo ap kanpe. Aplikan, gwoup kominotè yo, ak defansè yo ap resevwa notifikasyon pwosesis aplikasyon an fèmen.

FÈ ATANSYON AK FWOD

Ou ta dwe aplike pou avantaj EWF yo sèlman sou sitwèb ofisyèl Depatman Travay ak resevwa èd nan men òganizasyon kredib.

Vizite dol.ny.gov/CBOlist pou w jwenn yon lis òganizasyon de konfyans oswa rele **877-EWF-4NYS (877-393-4697)** yon fwa pwogram lan disponib pou ou kapab pale avèk yon ajan e jwenn yon kote ki tou prè w.

800-662-1220 TTY/TTD – English
877-662-4886 TTY/TTD – Español

Si yon moun oswa yon òganizasyon eseye fè w bay lajan oswa rasanble enfòmasyon pèsònèl ou pou ede w aplike, **PIGA OU** ba yo anyen. Ou kapab depoze yon plent nan biwo Pwokirè Jeneral Nouyòk pou w siyale jan de aktivite sa a (on.ny.gov/agfraud) oswa rele liy-dirèk Pwokirè Jeneral la nan **(800) 771-7755**. Pou moun ki tandè di: TDD **(800) 788-9898**.

W ap jwenn repons nan men Depatman Travay la sèlman si ou enskri pou jwenn mizajou sou EWF oswa aplike pou avantaj EWF yo. W ap resevwa yon imèl oswa yon mesaj tèks k ap di w y ap travay sou aplikasyon w lan.

Fè atansyon ak mesaj ki pa soti nan Depatman Travay.

KISA K AP RIVE SI MWEN BAY FO ENFÒMASYON NAN APLIKASYON MWEN AN?

Fè fo deklarasyon oswa prezante fo dokiman pa ekspres kapab koze konsekans grav. Yon moun ki fè jan de fwod sa a ap non sèlman kondane pou yon krim Klas E, men tou, l ap gen pou ranbouse tout lajan li te resevwa.

Pou plis enfòmasyon sou Fon pou Travayè yo Mete Deyò, visit dol.ny.gov/EWF.

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Dokiman ki Tradui yo: Yo bay Dokiman ofisyèl yo la inikman an Anglè; lòt dokiman ki tradui nan nenpòt lòt lang, yo bay yo pou akomodasyon e selon lwa ki aplikab. Nenpòt enkonvenyan, absidite, erè, oswa enkonvenyan ki sanble an kontradiksyon avèk vèsyon Anglè dokiman sa a akòz tradiksyon nan yon lòt lang p ap genyen okenn efè jiridik.